*Қарақалпақстан Республикасы*
*Мәлимлеме – китапхана орайы*

*Мағлыўмат библиография хызмети*



# *«Қайыр сақаўаттың бийик тымсалы»*

**(Өзбекстан Қаҳарманы, педагог Алланияз Өтениязов ҳаққында библиографиялық көрсеткиш)**

*Нөкис - 2020*

# К И Р ИС

Өзбекстан Қаҳарманы, Өзбекстан халық оқытыўшысы Алланияз Өтениязовтың естелигине бағышлап Мәлимлеме – китапхана орайы Мағлыўмат библиография хызмети тәрепинен пидайы инсанның өмир жолына қызығыўшыларға библиографиялық көрсеткиш ислеп шығылды.

**Жақсыдан тек ғана жақсылық қалар:** (Пидайы инсан, устазым, Өзбекстан Қаҳарманы Алланаияз аға Өтениязовтың естелигине қосық)

Жәрдемге мүтәжге жәрдем бердиңиз,
«Сақаўат бағы»нан мийўа тердиңиз,
Ғәрип – қәсирлерге баспана тиклеп,
Жаз бойы жай салып, гербиш өрдиңиз.

Халқың ушын хызмет етиў айып па?,
Ескек болдың ийрим тартқан қайыққа,
Инам еттиң ада болмас меҳриңди,
Шарасыз қайғыға батқан майыпқа.

Қурдыңыз медпункт пенен бақша да,
Өзгениң тәшўиши сизге машқала
Жақсылықтың жағысына талпындың,
Дүнья қуўып, қызықпадың ақшаға.

Тәңирим қәлбине қуйып төзимди,
Еки етпей орынладың сөзиңди
Саратанда күйип, суўықта тоңып,
Мийнет етип алдырмадың өзиңди.

Күши ханасына сыймай туўлап,
Еле жас жигиттей едиңиз қуўнақ,
Мәңги жасап қалар ел жүрегинде,
Қайыр – сақаўаттан сиз қалған тырнақ.

Ҳадал мийнет пенен болған Қаҳарман,
Исмиңизди ҳүрмет пенен атарман,
Жақсының изинде жақсылық қалар,
Ҳешким қайтпас сиз атланған сапардан.

Ийманыңыз ҳәмийше саламат болсын,
«Сақаўат бағы»нан ел абад болсын,
Мәңгиге жасайсыз жүрегимизде,
Жайың жәннет, руўҳыңыз шад болсын.

Аллanияз Өтениязов 1936 – жылы Кегейли районының «Байна түбек» әтирапындағы Қазаяқлы аўылында дийқан шаңарағында туўылған. Әкеси Ерниязов Өтенияз 1943 – жылы урск халқасындағы қатты саўашта қайтыс болған. Анасы Жумагүл Ерниязова улы Алланияз ҳәм еки кишкене қызы менен жесир қалады. Жумагүл ана еки қызын ҳәм бир ер баласын ертип Нөкис қаласына жақын жайласқан «Узын көл» аўылына 1949 – жылы көшип келеди. Ҳәзир Аллaниязлар шаңарағынан шыққан Турдыгүл, Абадан исимли қызлар турмыс қыйыншылықларынан оқый алмай, алпысыншы жыллары – ақ турмысқа шығып кетеди. Қыз бала бала ер жетсе үйден тысқары, басқа кисиниң шаңарағына кетеди, усы баламды оқытайын деп Аллaниязды аўылына жақын жерге Нөкис қаласы орайында жайласқан №1 (бурынғы Пушкин атындағы) орта мектепке оқўғв береди. Орта билимге ийе болған Алланияз 1957 –жылдың 1 – сентябринен баслап Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының студенти қатарына ериседи. Ол студентлик жылларында – ақ үйленип, шараңақтың машқаласы мойнына түседи. Биpақта зайыбы Ырысбийке өзиниң шаққанлығы ҳәм епшиллиги менен қоңсылардың сыйырын саўып, тапқан қәрежетиниң бир бөлегин шаңарағына жумсап, студент қатарында жүрген Аллaнияздың оқыўының үзлиске түспеўине ериседи. Алланияз Ырысбийкеден еки қыз, бир ул көреди. Оның еки қызы  да жаслайынан шаққан оқыўға инталы болып өседи. Қызларының биреўи Нөкистеги «Медшкола»ны питкерип белгили кәсипке ийе болса, екинши қызы  Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институтының инглис тили бөлимин птикерип, әкеси сыяқлы оның кәсибиниң даўамлаўшысы  сыпатында, екеўи де табыслы мийнет етип атыр. Ал ер баласы Әжинияз болса орта мектепти питкергеннен кейин әке кәсиби болған сақаўатлы ислердиң бир жағында болып, мудамы әкесиниң қасында жүрип, оның жумысларына қол қабысын тийгизип турды. Ол ҳәзир ата – анасы менен бир шаңаракта турмыс кеширип атыр.

Қаншама қыйыншылықларды бастан кеширип, оларды ҳадал мийнети менен жеңип киятырған, бул жолда өзин шынықтырған Алланияз қаҳарманның айбатлы турпатына шыдам бере алатуғын ҳеш қандай тосқынлықлар болыўы мүмкин емес. Олеки жыллық (2000 – 2001 – жыллардағы) суўсызлық апатшылығын мәртлерше жеңип, баласыӘжинияз бенен «Қыз кеткен» каналының ултанынан қол тачкада суў тасып, жас мийўе нәллерин апатшылықтан аман алаып қалғанлығының өзи – ҳадалый инсаныйлыққа питкен үлкен мәртликтиң үлгиси болып табылады.




Урыста әменгеринен айрылған, аўылларда оларға ғамқорлық ететуғын ағайын – туўысқанлары болмаған жалғыз баслы қарияларға, майыпларға өзиниң күши менен бийпул баспана (жай) салып бериў менен еки орта мектеп, еки медпункт, еки бала бақша жайларыда аты әпсанаға айланған Алланияздың күш – қуўаты, тынымсыз мийнети менен нәтийжесинде бинә болды.



1963 – 1970 – жыллар аралығында Аллanияз өз аўылында оқыўшы – жаслар бригадасын дүзип, қәўендерлигине 50 гектар егислик жер алып, ҳәммесине мәкке екти. Мәўсимде ҳәр бир гектар жер майданынан 1517 центнер көк масса,80 центнерден мәкке дәнин жетистирди. Бул жер жүзилик рекорд көрсеткиш деп тән алынып, ҳүкимет органлары Аллaниязға «Селекционер» деген атақ берди. Ал 1970 – 75 жыллары оның мәкке жерлери майда дақыллар егилетуғын жерлерге айналдырылды. Усы жыллары Алланияз өзин мийнетте сынап көриў ушын 2 гектар жер майданын бөлип алып, оған помидор екти. Помидорлардан тегис нәл, оған агротехникалық қәдегилерге муўапық ислеў берди. Ол ҳеш бир жерде исленип көрилмеген атыздың әтирапында өсип турған жабайы шөплерди шуқырларда ширитип жергиликли төгин ислеп шығарды.

Усы төгинлер менен помидорлар азықландырылып еки гектар жер майданынан 116 тонна, яғный жобадағыдан бес есе зыят өним жетистирип тапсырды. Булда жоқарыдағы айтылған мәкке зүрәәти сыяқлы жер шарының ҳеш бир регионында бундай көрсеткишлердиң болмағанлығын илимий қәнигелер тән алды.




Елимиздиң ғәрезсизликти беккемлегени, жер жүзилик шериклике оның абыройын арттырғаны ҳәм даңқын шығарғаны, … мәмлекет ҳәм халық алдында үлкен хызметлери, …өндирислик ҳәм социаллық салалардағы қаҳарманлық мийнети, өсип киятырған әўладты Ўатанға сүйиспеншилик ҳәм миллий ғәрезсизлик идеяларына садықлық рўхында тәрбиялаўға қосқан үлеси ушын Өтениязов Алланиязға – Қарақалпақстан Республикасы Нөкис районы «Сақаўат» фермер хожалығының басшысы – жоқары нышан «Алтын жулдыз» медалын тапсырыў менен «Өзбекстан қаҳарманы» атағы берилсин.

Алланияз ағаның «Өзбекстан Қаҳарманы» атағына мияссар болыўына мийнет жолындағы сақаўатлы ислери, инсанға деген ғамқорлық, ҳеш кимниң де қолынан келе бермейтуғын мийнет сүйгишлиги, қүдиретли күши менен алға талпынып турған интасы себепши болды. Ол өмиринше тынып – тыншымайтуғын инсан. Қырық жылдан асламырақ бир мектептен табжылмастан жас әўладқа инглис тилинен сабақ берип, жазғы дем алыс күнлери ҳәр жылғы үйренип қалған әдети бойынша гербиш қуйып, жай салыў, аўыл хожалығы егинлериниң тәрбиясы, терим мапазы, жәмийетлик маллар ушын от – шөп таярлап, атызларға жергиликли төгин шығарыў ҳәм тағы басқа да пайдалы жәмийетлик жумсларын көрсететуғын болсаң төмендеги цифрлар «Өзбекстан Қаҳарманы» атағына ылайық екенлигин дәлиллейди.




Алланияз ҳүрметли дем алысқа шыққаннан кейин де «Сақаўат» дийқан – фермер хожалығын ашып, аўылының қапталынан 30 гектарлық бағ жаратты. Ҳәр жылы 15 гектарлық бағы сырығып миййе берип келди. Оларға жумсалатуғын барлық шығынларды өзиниң есабынан, ҳәттеки пенсия қаржыларынан жумсап жибереди. Өндирилген ерик, шабдал, қәрели, тағы да овощ, палыз, ғәлле өнимлери меҳрибанлық үйлеринде тәрбияланып атырған балаларға, санаторияларда емленип атырған қәрияларға, майыпларға, Шымбайдағы қәриялар үйине, қоңсы – қобаларына бийпул тарқатып берилди. Бул сақаўат – ислерди ол үзликсиз ислеп келди.Ол ушын Алланияз ел – халықтың ҳүрмет – иззетине миясар болып ҳақыйқый адамгершиликтиң үлгилерин көрсетип киятырғанлығын мақтаныш етиўге арзыйды.

Ол Қарақалпақстанды ҳәм Өзбекстанды дүньяға танытты. Ол жоқарыдағы мийнетлери ушын мәмлекетимиз тәрепинен төмендеги атақлар ҳәм орденлер менен сыйлықланды. Оның мийнетлери әсиресе елимиздиң ғәрезсизлик жылларында толық баҳаланды.

1960 – жылдан баслап 2рет Өзбекстан Республикасы, 3 рет Қарақалпақстан Республикасы «Ҳүрмет жарлығы» менен сыйланды.

1985 – жылы «Мийнет ветераны»,

1986 – жылы «Қарақалпақстанға хызмет көрсеткен муғаллим»

1990 – жылы «Ден саўлықты сақлаў ағласы»

1992 – жылы «Өзбекстан халық оқытыўшысы»

1995 – жылы «Меҳнат шухрати» ордени

1997 – жылы «Жер жүзилик Балалар қоры» Мақтаў жарлығы,

2001 – жылы «Өзбекстан Қаҳарманы» жоқары атағына ийе болды, Қарақалпақстан Республикасы Мәденият министрлиги ҳәм еки жылда

«Алланияз қаҳарман» атына гүрес бойынша республикалық жарыслар өткерип турды.

2006 – жылы 27 – январь күни «Өзбекстан Қаҳарманы» Өзбекстан Республикасы халық муғаллими, Меҳрибан устаз ҳәм кишипейил инсан Алланияз аға Өтениязовты арамыздан алып кетти.

Әжайып устаз, жан күйер оқытыўшы, пидайы ҳәм кишипейил инсан Алланияз Өтениязовтың жарқын естелиги халқымыздың жүрегинде мәңги сақланып қалады.

**Алланияз Өткениязов ҳаққында китап ҳәм газета – журналларда шыққан мақалалар дизими**


**1.**Абдиқайыров Қ. Адамларға жақсылық керек // ЖасЛенинши. – 1986. – 28 янв.

**2.**Ақназаров Н. Алланияз аға жаратқан бағ: [Өзбекстан Қаҳарманы Алланияз Өтениязов ҳаққында] // Адам ҳәм нызам (Инсон ва қонун). – 2002. – 18 июль.

**3.**Бегимов Ж. Ақманғыт. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2010. – 176 б.

4.Бегимов Ж. Исми әпсанаға айналған инсан: [Өзбекстан Қаҳарманы Алланияз Өтениязов ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. – 2009. – 5 май.

**5.**Дәўлетмуратова Э., Дәўлетмуратов А. Алланияз қаҳарман – адамгершиликтиң жоқары шыңы.- Нөкис: Қарақалпақстан, 2012. – 64 б.

**6.**Досанов Қ. Мийнет палўаны: [Өзбекстан Қаҳарманы Алланияз Өтениязов ҳаққында] // Коммунизм байрағы. – 1969. – 13 дек.

**7.**Ерманов Е. Қайыр – сақаўат ислеп қаҳарман болды: [Өзбекстан Қаҳарманы Алланияз Өтениязов ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. – 2001. – 11сент.

**8.**Ерманов Е. Алланияздың 41 – имараты: Сақаўатлық – инсан көрки // Еркин Қарақалпақстан. – 1995. – 5 авг.

**9.** Ерманов Е. Енди үлкен бағ дөретпекшимиз // Еркин Қарақалпақстан. – 1996. – 31 окт.

**10.**Есебаев Қ. Мириўбеттиң мәңгилик «мөри» ямаса тағы да Алланияз Өтениязов ҳаққында // Қарақалпақстан жаслары. – 2001. – 1 янв.

**11.**Ешимбетов Р. Хайрли ишлар эҳсони: [Ўзбекистон Алланиёз Утениязов сувратига чизгилар; Меҳр ва мурувват – инсон зийнати] // Ўзбекистон овози. – 2004. – 25 май.

**12.**Жумағалиева К. Ерлиги естен кетпейди...: Өзбекистан Қаҳарманы Алланияз Өтениязов 80 жаста/ К. Жумагалиева //Ustaz joli'. - 2016. -11 июнь.

**13.**Жуманазаров М. Мақтаўға арзыйды // Коммунизм байрағы. – 1986. – 9 окт.

**14.**Жуманазаров М. Аўыл баҳадырлары // Коммунизм байрағы. – 1986. – 8 авг.

**15.**Залиев М. Жолда ушырасқан қаҳарман: [Өзбекстан Қаҳарманы Алланияз Өтениязов ҳаққында] // Қарақалпақстан жаслары. – 2001. – 1 нояб.

**16.**Қайыр - сақаўат өмириниң ураны болды: [Өзбекстан Қаҳарманы Алланияз Өтениязов ҳаққында] //Устаз жолы. – 2009. – 11 апр.

**17.**Қўчқаров Я. Ақманғит Алпомиши: [Қаҳрамонларимиз эл фаҳри Алланиёз Утениязов] // Аму тонги. – 2001. – 20 дек.

**18.**Мәмбетназарова А. [Өзбекстан Қаҳарманы Алланияз Өтениязовқа қосық] // Әмиўдәрья. – 2001. - № 5 – 6. – Б. 1.

**19.**Машарипов Т.Қалыс хызметимди миллет етпеймен десем де // Совет Қарақалпақстаны. – 1990. – 16 нояб.

**20.**Нарқабыл Жәлил. Жансебил ямаса жай муғаллим: [Өзбекстан Қаҳарманы Алланияз Өтениязов ҳаққында] // Устаз жолы. – 2003. – 16 сент.

**21.**Норқобил Жалил. Ёхуд Нукуслик оддий муоллим – Ўзбекистон Қаҳрамони Олланиёз Утениязов ҳақида сўз // Халқ сўзи. – 2003. – 16 авг.

**22.**Өтениязов Алланияз: Некролог // Еркин Қарақалпақстан. – 2006. – 28 янв.

**23.**Отажонов Ғ. Дилларда номи қолди… [Нукус тумани «Арбачи» овули фуқаролар йиғинида жойлашган 4 – сонли мактабда тадбир ўтказилди] // Аму тонги. – 2007. – 18 окт.

**24.**Рахманов К. Әжиниязға; Өзбекстан Қаҳарманы Алланияз Өтениязовқа: [қосықлар] // Устаз жолы. – 2003. – 17 июль.

**25.**Тәжимуратова З. Өзбекстан Қаҳарманы Алланияз Өтениязовқа қосық // Устаз жолы. -2002. – 24 янв.

**26.**Төремуратов Т. Алланияздай азаматлар көп болсын // Совет Қарақалпақстаны. – 1991. – 15 авг.

**27.**To'remuratova, G. Uztazi'mdi' maqtani'sh yetemen: [O'zbekistan Qaharmani' Allaniyaz Wo'teniyazov haqqi'nda] //Ustaz joli'. - 2016. - 11 июнь.

**28.**Сапарова, Г.  Хожан аўыл балаларына ғамкорлык: [Өзбекистан Қаҳарманы Алланияз Өтениязов салған мектеп имаратының жаңа келбети ҳаққында] //Еркин Қарақалпақстан. - 2016.-1 нояб.

**29.**Сәтбаев О. Меҳир ямаса кеўили қуяш инсан ҳаққында фильм: [Өзбекстан Қаҳарманы Алланияз Өтениязов ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. – 1996. – 17 авг.

**30.**Сәтбаев О. Әсир шежиресине кирген инсанлар: [Наўрыз Жапақов, Оразымбетов Халмуратов, Айымхан Шамуратова, Ибрайым Юсупов, Алланияз Өтениязов, Еркин Қутыбаевлар ҳаққында] // Еркин Қарақалпақстан. – 2000. – 4 янв.

**31.**Сейтаев Б. Сақаўат түсиниги: [Өзбекстан Қаҳарманы «Сақаўат» фермер хожалығының баслығы Алланияз Өтениязовқа қосық] // Қарақалпақстан жаслары. – 2002. – 1 янв.

**32.**Сулаймонов И. Замонамиз ҳотамтойи: [Алланиёз Ўтениёзов ҳақида] // Халқ сўзи. – 2002. – 10 май.

**33.**Утениязов Алланияз: Некролог // Ишонч. – 2006. – 28 янв.

**34.**Худайбергенова, П.Қайыр-сақаўат султаны: [Өзбекистан Қаҳарманы Алланияз Өтениязов ҳаққында] //Ustaz joli'. - 2014.-7июнь.

**35.**Халмуратов А. Аңызға айланған адам // Совет Қарақалпақстаны. – 1988. – 27 дек.

**36.**Яҳияева П. Жақсыдан тек ғана жақсылық қалар: [Пидайы инсан, устазым, Өзбекстан Қаҳарманы Алланияз Өтениязовтың естелигине] // Еркин Қарақалпақстан. – 2008. – 13 май.

## Рус тилинде

**37.**Алимов М. Уроки доброты // Комсомольская правда. – 1988. – 7 нояб.

**38.**Иблиев Дмитрий. Добро пришло // Семья. – 1990. – 14 дек.

**39.**Кайыпбергенов Т. Лик доброты // Правда. – 1985. – 29 сент.

**Исмлер көрсеткиши:**

Абдиқайыров Қ. 1
Ақназаров Н. 2
Алимов М. 37
Бегимов Ж. 3, 4
Дәўлетмуратова Э. 5

Досанов Қ.  6
Ерманов Е. 7, 8, 9
Есебаев Қ. 10
Ешимбетов Р. 11
Жумағалиева К. 12
Жуманазаров М. 13, 14
Залиев М.  15
Кайыпбергенов Т. 39
Қўчқаров Я. 17
Иблиев Д. 38
Мәмбетназарова А. 18
Машарипов Т.  19
Нарқабыл Ж. 20
Норқобил Ж. 21
Өтениязов А. 22
Отажанов Ғ. 23
Рахманов К. 24
Тәжимуратова З. 25
Төремуратов Т. 26
To'remuratova, G. 27
Сапарова Г.  28
Сәтбаев О. 29, 30
Сейтаев Б. 31
Сулайманов И. 32
Утениязов А. 33
Худайбергенов П. 34
Халмуратов А. 35
Яҳияева П. 36

**Атамалар көрсеткиши:**

Қайыр   - сақаўат өмириниң ураны болды:  16

**Дүзиўши:**

**Мағлыўмат библиография**
**Хызмети баслығы:              Г. Аббазова**